


*Mwen se  
yon bèl moun*



---

**HetHeru AnkhBaRa**



Mwen se yon bèl moun.  
Wi, mwen bèl.





Soti nan tèt mwen jouk  
rive nan pwent  
zòtèy mwen, se sa nèt.







Mwen se yon bèl moun.  
Wi, mwen bèl vre.  
Po m bèl.



Lè solèy la klere sou po m,  
li limen tankou yon zetwal.  
Mwen se yon bèl moun.  
Wi, mwen bèl vre.







Cheve m yo gen nanm  
ak anpil fòs. Yo toujou  
klere nan limyè solèy la.



Antèn mwen yo kanpe  
nan mitan linivè a.







Depi nan je m,  
bouch mwen ak nen m  
jouk desann rive nan tèt  
zòtèy mwen yo,  
mwen bèl.



Mwen se yon moun save.  
Mwen se yon moun san parèy.  
Mwen se yon moun estrawòdinè.







Pa gen manti nan sa :  
mwen se lapèfeksyon.  
Mwen se bèlte orijinal la.  
Mwen dwe di sa fò.



Gade jan m bèl.  
Gade mwen byen.  
Mwen se lanmou.







Mwen bèl depi nan  
tèt mwen jouk rive nan  
pwent zòtèy mwen.  
Mwen se yon bèl moun.



Dwa pou pibliye liv sa a © 2017 se  
Hetheru AnkhBaRa ki ka bay li



HETHERU ANKHBARA  
P.O. BOX 814  
CENTRAL ISLIP, N.Y. 11722  
healingbluelotus.com  
718.314.4492

